

EVALYE SANTE OU LAKAY OU TOUJOU



Lekòl Piblik Broward County pran angajman asire sante ak sekirite elèv-nou-yo, estaf nou ak kominote nou. Distri a mete anplas pwosedi netwayaj efikas, pwogram nouvo orè travay epitou kontinye kalkile kantite moun ki andedan bildin nou pou obsève distansyasyon sosyal.

Pou antre nan lekòl ak nan bildin Lekòl Piblik Broward County, **tout elèv, paran/moun kap okipe lezòt, ak tout anplwaye dwe reponn kesyon sa-yo chak maten lakay yo pou evalye eta sante yo anvan yo vin lekòl:**

POZE KESYON SA-YO POU EVALYE ETA SANTE OU CHAK JOU:



Èske ou santi ou cho, ou gen lafyèv, oswa tanperati kò-ou monte (100.4/38°C), oswa ou gen frison?



Èske ou gen yon tous ki pèsiste, nen koule oswa malgòj?



Èske pa gen lontan ou te pèdi gou oswa pa ka pran sant ankò?



Èske yon lòt moun nan kay-la te teste pozitif pou COVID-19?



Èske ou te vin pre, an kontak sere avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 epi ou pat pwoteje?

(kontak la dire plis pase 15 minit sou yon distans sis pye ak yon moun ki te malad avèk lafyèv epi ki tap touse oubyen se te yon ka enfeksyon COVID-19 ki te konfime/sispèk.)



Èske ou santi ou malad jodia?



Èske wap tann rezilta tès COVID-19?



Èske yon doktè oswa Depatman Sante Florid te mande-ou jere tèt ou nan konfinman oubyen izole ou?



Si pitit-ou ka reponn **"NON"** pou chak kesyon, pitit-ou ka vin lekòl.



Si ou reponn "WI" a nenpòt nan kesyon sa yo, pa ale lekòl oswa travay. Elèv yo: Kontakte anplwaye enfimyè lekòl la. Anplwaye: ranpli Fòm Notifikasyon Distri a sou entènèt Coronavirus